


**Prezève, kòmanse e depann de ou  
dapre aktivite ke w gen lakay ou chak jou!**



# **Pwoteje Anvironman w**

**Yon piblikasyon de “Florida Public Service Commission” Komite pou Sèvis Piblik nan Florida**

Florida Public Service Commission  
“Komite pou Sèvis Piblik nan Florida”  
Division of Service, Safety and Consumer Assistance  
2540 Shumard Oak Boulevard ♦ Tallahassee, Florida 32399-0850

**1-800-342-3552**

Ou ka rantre an kontak ak **PSC** pa adrès elektwonik sa a: [contact@psc.state.fl.us](mailto:contact@psc.state.fl.us)  
Gade paj Entènèt nou an, nan [www.floridapsc.com](http://www.floridapsc.com).

**Mo “prezève” a se yon mo ki vin trè popilè,** spesyalman lè n ap pale de gaz, lajan, ekonomize, ak kouran. Gen de lè mo sa a, yo pran l mal pase moun gen tandans panse menm lè a ke y ap gen pou yo renonse a yon bagay. Men dapre diksyonè Ameriken ki rele, *The American Heritage Dictionary* a, prezève pa vle di renonse – “li vle di ekonomize oubyen aji defason pou ekonomize – pou evite gaspiyaj.”

Pase nou tout vle respire bon lè pi, bwè dlo potab, ak asire nou ke lòt jenerasyon ka p vini yo ka fè menm bagay la, nou tout bezwen preyo ki pou pwoteksyon anvironman an e pou nou konsève resous natirèl nou yo.

“Public Service Commission” an, ajans ki responsab pou l kontwòl anpil nan sèvis piblik tankou kouran, dlo nan Florida, rekonèt enpòtans pou yo edike kliyan yo sou gran nesite ki genyen pou nou ekonomize resous kouran ak dlo eta a. Ti liv sa a ale dirèkteman nan sa “prezève” vle di. Li gen ladann plizyè lide sou kijan pou sèvi ak entelijans ou, lè w ap itilize kouran ak dlo, e pou kay yo ka ekonomize enèji pi byen. Si w suiv etap sa yo ki trè fasil sa va ede w pou ekonomize lajan konnye a ak pi devan, lè w ede redui kouran ak dlo.

Anpil nan konsèy yo se apenn si yo mande w pou fè efò, tepe ankadreman pòt ak fenèt, plante plant ki pa mande anpil dlo ak pyebwa ki pou bay kay ou an lonbraj, enstale tèt douch ki redui fòs dlo ak aparèy ki pou limite dlo.

Gen de lide ya bawou ki mande pou–vlope aparèy pou shofe dlo a, se achte pou achte materyèl ki pou ekonomize enèji, konsidere achte yon ponp pou chofaj pou lakay ou. Lòt lide sou ekonomize ka mande pou chanje abitud ou yo – mete tèmostat la sou yon volim kote li ekonomize enèji, sèvi ak aparèy pou lave asyèl la sèlman lè l fin plen nèt, e pa kite dlo nan evye a ni koule twop ni ap degoute.

Konprann ke ekonomize kouran ak dlo e sèvi ak resous nou yo de fason efikas fèt pou konsidere tankou yon fason responsab pou pwoteje anvironman an ak pou redui depans. Konpayi pou kouran ak dlo ankouraje kliyan yo pou yo itilize yo mwens, lè nou va rekonèt ke resous nou yo pa la pou toujou e ke konstwi nouvo plant elektrik ap bay anpil pwoblèm lajan. Si nou tout met tèt ansanm sa va asire ke lòt jenerasyon ka p vini yo an sekirite, pou yo gen yon anvironman ki pwòp ak yon rezèv kouran ak dlo ki kòrèk.



*Yon kay ki byen izole ekonomize kouran pase li kenbe chalè andedan pandan ivè, e deyò pandan ete. Si w ajoute 1 pous materyèl pou izole sou yon mi ki pa izole li ka redui chalè (ete) K ap nan mi sa.*

## **Aprann Kijan Pou Ekonomize Kouran Lakay ou!**

Anpil nan kouran nan kay, apeprè 48 pousan, se pou chofe ak rafrech kay nou ke nou sèvi avèk li. Gen yon 16 pousan anplis ki ale nan chofe dlo, ki se dezyèm sa ki boule plis kouran ak koze depans nan yon kay. Frijidè ak frezè boule 12 pousan. Rè 24 pousan an boule nan limyè, kuit manje ak aparèy elektrik.

Nou ka redui nan boule kouran ak ede kontwòl depans si nou mete kay la an kondisyon pou ekonomize kouran, menmsi nou gen pou nou depanse lajan pou nou fè l. Lajan ke nou depanse kounnye a kapab ede pou diminye depans pou kouran pidevan.


### **Pwoje kay ou kont chalè ak freddi ki deyo a**

Gen milyon kay Ozetazini ki jiskounnye a poko pwoteje kont tanperati deyò a korèkteman, dapre Depatman ki okipe Kouran Ozetazini. Men de twa konsèy pou asire w ke pa w la pa youn ladan yo.

### **Fenèt ak pòt ki byen fèmen ak lòt fuit**

- ◆ Techke fenèt ou yo ak pòt ou yo pou lè pa pase menm. Limen yon bouji pase l toutotou ankadreman yo ak seri w yo. Si flann dife a danse, ou bezwen mastik ak/oubyen tep pou ankadreman.
- ◆ Mastik ak tep pou ankadreman pòt yo ak fenèt yo. Li fasil pou fè l pouko w. Materyèl pou mastik ak tep pou ankadreman koute apeprè \$25 pou yon kay mwayen (12 fenèt, 2 pòt). Ou ka ekonomize yon total de 10 pousan ou plis nan depans pou kouran w nan yon ane!

*Chèche konnen sou klasifikasyon-R Anvan ke w achte materyèl pou izole yo. Apresa achte materyèl pou izole ki pi epè a ki va bawou valè-R ke w sipoze geyen an. Valè-R (oubyen nimewo-R) gen pou wè ak jan sa mache lè w fè izolasyon an, nan mezire rezistans lan avèk letan. Plis nimewo-R lan ye, se plis kapasite izolasyon an mache. Nimewo yo sipoze make sou tout anbalaj materyèl pou izole yo: mineral, fib vit, oubyen kouvèti ki fèt ak fib vit; fom oubyen materyèl lach ke w ka vide oubyen gonfle nan espas ki izole oubyen nan yon planch red ki izole. si materyèl pou izole a pa make vale-R la sou anbalaj la Mande mou ki vann ou an l pou li ekri valè-R la sou resi w lan pou ka sonje l si w bezwen pi devan.*



*Netwaye oubyen chanje filt pou èkondisyone yo regilyèman toujou kenbe aparèy ki deyò yo pwòp san fèy ak debri ki ka bouche yo. Si w anpeche ke lè a pase fasil. Li ka koze ke aparèy la fè plis efò pou l mache, e ke l koute plis pou l mache. Wete nenpòt kisa ki bouche kote lè cho oubyen fre sikile oubyen de aparey pou chofaj ak èkondisyone.*

## Izole Kay ou!

Kelkeswa jan ke w chofe oubyen rafrech kay ou, ou ka diminye chaj sou aparèy pou chofe ak rafrech jiska rive 20 a 30 pousan lè w fè yon envestisman de kèlke santèn de dola nan izole. Izole se yon jan pou ekonomize sou kouran lè w kontwole mouvman lè a. Lè w ralanti ak bouche lè a, izole a vin reprezante yon baryè pou kenbe tanperati kay la sou menm nivo. Redui jan ke lè cho a ap sikile va vin desann kòb ou konn depanse nan èkondisyone ak chofaj. Benefis ki genyen nan izole – se diminye depans – ki kontinye pou dèzane.

- ◆ Izole atè nan grenye a oubyen atè etaj anlè a, yon minimòm de 26-R. Se nan grenye a sa pi grav, pase plis chalè sikile anlè pa pye kare ke nan nenpòt ki lòt struktü kay. Si w gen yon sistèm pou izole ki ansyen nan grenye w, ou ka pakapab jije ki vale-R ke l genyen. Men si w gen 3 pous oubyen mwens de ansyen sistèm pou izole a, ou ka bezwen plis pou ka fè ke nivo sistèm pou izole a, monte a nivo ki rekòmande a. Investisman an kapab ant \$100 a \$1000. Men ekonomi nan chofaj ak rafrech, sepandan, sipoze ant plizoumwèn 5 pousan (si se ajoute ke w ap ajoute sou sistèm izole w te gen déjà a), e jiska 30 pousan (si l pa izole ditou).
- ◆ Chèche konnen si kay ou an bezwen izole. Sa w bezwen an va depann de tanperati kote w abite a, ak kantite materyèl pou izole ki la déjà. Pou pran konsèy, konsilte yon konpayi ki fè travay izole nan kominote w lan, oubyen wè ak yon enspektè konstriksyon nan zòn ou an, oubyen yon ajan ki travay pou konte a.
- ◆ Li trè enpòtan pou travay izole a fèt kòrèkteman. Si travay izole a konprese oubyen li enstale ak twou, li pa p fonksyone byen.

## Kisa ki Koze ke yon Bòdwo pou Kouran Wo


Plis ke 70 pousan nan yon bòdwo Kouran se chofaj dlo ak èkondisyone oubyen chofaj. Fuit oubyen sèvi mal ak elektrisite kapab koze ke bòdwo kouran monte byen wo. Diminye izaj twa aparèy sa yo kapab fè w fè bon ekonomi. Apeprè mwaye depans pou kouran lakay nou se nan chofe ak rafrech kay nou yo ke l pase. Pa gaspiye lè sa a ki kondisyone, pase li gen anpil valè.

## Bòdwo pou èkondisyone oubyen chofaj ou an ka redui anpil si w:

- ◆ Sevi ak pèsyèn pou gwo fenèt ki sou bò ès oubyen wès kay la. Enstale (owin) parasolèy sou fenèt yo ak sou galri devan ak dèyè yo diminye konsomasyon kouran. Fenèt ak batan yo bay plis van ke fenèt ak parasolèy avèk fenèt jalouzi. Fenèt jalouzi yo se yo ki pi difisil pou sele nan tou le twa.
- ◆ Pa chofe ni rafrech yon chanm ke w pa sèvi, plis ke l nesèsè.

*Note:* nan yon sistèm ponp pou chofaj oubyen èkondisyone, majorite nan bouch ki bay è yo dwe toujou omwen semi ouvri pou evite ke sistèm la gate.

*Konsidere avantaj yon tèmostat ak revèy ap genyen pou sistèm chofaj ou an. Tèmostat ak revèy la ap bese Tanperati chalè a pou ou otomatikman a yon lè ekzak regilyèman anvan ke w al repoze w, e l ap monte l anko anvan w leve. W ap kapab fè tèmostat la fè bak lannuit e monte l lè maten, sa ki bon sè ke yon tèmostat ak revèy ki fasilite nou anpil gendwa koute ant \$40 ak \$90.*



*Ouvri fenèt yo olye ke w sèvi ak èkondisyone oubyen vantilatè elektrik, lè se yon jounen kote tanperati a fre oubyen nan yon pati nan jounen an lè tanperati a pi fre.*

*Anpeche ke solèy rantrè pandan lajounen, kite pèsyèn yo fèmèn e mete parasolèy yo sou deyo fenèt yo, oubyen fèmèn rido, ki sou andedan yo.*

- ◆ Toujou kite plato ki bouche chemine w fèmèn, amwens ke dife limen ladann. Yon plato 48 pous ki ouvri kapab pèmèt ke 8 pousan nan van cho a soti pa chemine a.

### **Ekonomize Enèji nan CHOFAJ**

- ◆ Mete tèmostat la le pi ba posib. Swasantuit degre kòm tanperati, se sa ke yo rekòmande ki rezonab, konfòtab e ki ekonomize enèji andedan kay. Ou ka ekonomize nan depans pou kabiran, ak chak degre ke w redui mwayèn tanperati a lakay ou.
- ◆ Kite rido, pesyèn ak jalouzi ouvri nan fenèt yo lè gen solèy; fèmèn yo lannuit.
- ◆ Izole kondui pou chofaj ke w ka gen aksè a yo, nan kote ki pa chofe.
- ◆ Pa limen chofaj la pazavan ke w oblije. Lè apremidi yo fre, sèvi ak chemine a (si w gen youn) e ajoute yon lenn anplis lannuit lè w ap kouvri.
- ◆ Pou ka konfòtab lè tanperati a pi fre andedan, sèvi ak pi bon mwayen pou izole a – ki se rad epè pou chofe w. Yon chanday ki a manch long ki pa twò epè prèske bawou 2 degre anplis de chofaj; yon chanday ki manch long ki epè bawou prèske 3.7 degre; e de chanday ki pa twò epè ajoute 5 degre chofaj, pase lè ki pase ant yo de a, izole, e kenbe plis chalè pwòp kò w.

### **Ekonomize Enèji lè pou RAFRECHI Kay la**

- ◆ Abiye defason pou pi cho andedan kay la. Rad nòmal ak twal leje pi konfòtab.
- ◆ Si ou rafrechi kay la twòp li va koute chè e se yon gaspiyaj elektrisite. Pa sèvi oubyen achte aparèy ki pi puisan pou rafrechi pase sa w bezwen an.
- ◆ Enstale yon aparèy èkondisyone nan zòn nò oubyen zòn ki gen lonbraj sou akote kay la.
- ◆ Mete tèmostat la le pi wo posib. Swasanndizuit degre se sa ke yo rekòmande pi souvan, ki rezonab ak konfòtab e ki ekonomize kouran pou tanperati andedan kay. (Chak degre konte—si tèmostat la desann a 76 degre li ogmante konsomasyon kouran an a 35 pousan.)
- ◆ Fèmèn aparèy èkondisyone a lè pa gen moun nan kay la, e se ak vantilatè ke w va limen ke kay la va rafrechi. Vantilatè plafon fè w santi 2-4 degre pi fre e ka pèmèt ke w limen èkondisyone a pi ta.
- ◆ Asire ke kondui nan sistèm èkondisyone a sele kòrektman e ke li izole, spesyalman sa ki pase nan grenye a, oubyen lòt kote ki pa rafrechi nan kay la.
- ◆ Netwaye kondansè è santral la ak aparèy pou chofe yo regilyèman ak tiyo awozaj la.

*Pa mete lanp ak televizyon pre tèmostat èkondisyone a. Chalè ki soti nan aparèy sa yo tèmostat la santi l e ka koze ke èkondisyone a mache pi lontan ke l nesesè.*

*Aparèy pou chofoe dlo ki ekonomize Enèji koute plis lajan, men si w fè l mache mwens, wa konpanse depans lan.*

*Benyen rapid e sèvi ak yon tèt douch ki ekonomik pou ka redui konsomasyon dlo cho a.*

*Pa kite dlo a koule san nesesite pandan w ap bwose dan w oubyen ke w ap raze w.*



*Etann limyè nan nenpòt ki chanm ki pa gen moun e sèvi ak anpoul alojèn ki ekonomik yo.*

- ◆ Mentni sistèm pou rafrechi a an plèn fòm, fè sèvis ladann regilyèman e se moun ki konnen, ki pwofesyonèl pou bay fè l.
- ◆ Enstale yon sistèm vantilatè pou tout kay la nan grenye a, oubyen nan yon fènèt anwo nan dezyèm etaj la, pou ka rafrechi kay la lè fè fre deyò a, mensi w gen yon èkondisyone santral.

### **Ekonomize Enèji nan DLO CHO**

Chofe dlo koute nan lè 20 pousan de tout enèji ke nou itilize lakay nou. Pa gaspiye l!

- ◆ Repare robinèt ki gate rapidman.
- ◆ Fè majorite netwayaj lakay ou ak dlo frèt.
- ◆ Izole tank rezèvwa tiyo dlo cho a.
- ◆ Enstale yon aparèy pou ayere ak tèt douch ki diminye fòs dlo a.
- ◆ Achte yon aparèy pou chofoe dlo ki gen materyèl pou isole ki epè, e sèvi ak yon kouvèti pou izole tou.
- ◆ Lè w ap sèvi ak machin otomatik pou lave asyèt la oubyen ak machin a lave rad la mete kantite asyèt ak rad sifizan ladann.
- ◆ Si jounen an bel, kwoke rad yo deyò pou yo sèch.

### **Aparèy elektrik nan yon kay**

Règ nimewo en se, “Si w pa p sèvi avèk li, etenn li”! Apepre 30 pousan de moyèn kouran ki konsome nan yon bòdwo elektrik se aparèy sa yo ki boule l.

	KWH Pa Mwa	Pri Pa Mwa
Pomp pou pisin	259	\$ 20.72
Frijidè-frizè (san nèj)	134	10.72
Matla-dlo	100	8.00
Frizè	99	7.92
Sechwa pou rad	56	4.48
Fou recho ak fou plat	54	4.32
Televizyon ak stereyo	46	3.68
Limyè ki limen	40	3.20
Kouvèti lenn elektrik	20	1.60
Aparèy pou lave asyèt	19	1.52
Aparèy otomatik pou fè kafe	10	.80
Maykovev	10	.80
Machin a lave rad	5	.40
Fè a repase	4	.32
Radyo	4	.32
Sechwa	3	.24
Aparèy pou griye pen	3	.24
Aspiratè	3	.24
Revèy	1	.08

*\*Ekzanp sou Depans Kouran nan yon Kay- baze sou yon to de 8 santim pa kilowat pa è (2-3 moun nan chak kay)*



*Lè wa p sèvi ak fou, pwofite de chalè a, kuit tout manje ke w kapab anmenmtan.*

*Pa ouvri pot fou an net pou pa pèdi chalè a.*

### **Pwogram evalyasyon Pou Enèji nan Kay**

*Atravè Pwogram Evaluasyon pou Enèji nan Kay, oditè yo bay kliyan yo rekòmandasyon alekri sou kijan pou yo ekonomize enèji, avèk kijan pou yo enspekte sistèm fil elektrik yo e kijan pou grenye a izole. Yo bay kliyan an yon seri de feyè ki gen enfòmasyon sou prezeve/pwoteje.*

*Pwogram sa a disponib pou majorite kliyan nan Florida, si yo ale nan konpayi elektrik nan zòn kote yo rete a. Rantr an kontak ak konpayi pou sèvis piblik bò lakay ou an pou pran yon randevou avèk yo pou yon evalyasyon.*

Lè w sèvi ak aparèy yo kòrèkteman, se pa lajan sèlman w ap ekonomize, men aparèy yo va dire w pi lontan tou.

### **Frijidè a**

- ◆ Netwaye kondansè yo ki deyè ak anba frijidè w lan chak si mwa.
- ◆ Toujou kenbe frijidè w ak frizè w a yon bon tanperati.  
*Note ke:* Frijidè a sipoze sou ant 36-42 degre, e frizè a limenm sou ant 0-10 degre.
- ◆ Sèvi ak yon tèmostat pou frijidè, e ajiste bouton pou kontwòl tanperati a dapre jan pou l ye a.
- ◆ Tout pòt ki nan sistèm lan fèt pou fèmen byen di. Ranplase bòdi pou sele a si w trouve l nesèsè.
- ◆ Toujou kenbe frijidè w ak frizè w plen.
- ◆ Mete frijidè a le pi lwen ke w kapab de kote w gen fou a.
- ◆ Se pou pòt la toujou fèmen.
- ◆ Lè frijidè a fè nèt se pou fèl fonn jiskaske nèt la vin gen yon epesè de yon ka pous.

### **Fou a**

- ◆ Pwofite de fou a lè l cho.
- ◆ Desann tanperati fou a de 25 degre lè w sèvi ak yon pirèks oubyen nenpòt ki plato ki fèt an vit.
- ◆ Pa sèvi ak recho ki pi laj ke deyè chodyè oubyen po wa p sèvi a.

### **Fou Maykovev**

- ◆ Fou Maykovev la fè w ekonomize pase li sèvi ak mwens kouran.

### **Pomp pou Pisin**

- ◆ Retire sou tan ke w konn kite pomp lan ap mache, a 6-8 èdtan lè se ete, ak 4-6 èdtan lè se ivè.
- ◆ Netwaye panye ki sèvi de paswa a regilyèman.
- ◆ Netwaye pisin lan chak semèn, e asire w ke pwodui chimik yo ke ou mete nan dlo a byen balanse.

## **Prezève/Ekonomize Dlo**

Florida gen chans, pase se li ki gen pi gwo rezèv dlo potab anba tè nan peyi a. Etandone ke sitèn nan Florida yo tèlman gen anpil dlo potab, anpil nan moun ki abite isit panse ke l pa p janm fini. Se domaj ke bagay yo pa konsa, anpil kote nan eta nou an gen prèv ki vizib de jan ke dlo an ap bese nan sistèn pou rezèv dlo a, e sa grav pase popilasyon an ap ogmante, gen plis devlopman, e gen dlo sale k ap filter rantr ladann.

### **Fè Ekonomi Lakay ou**

Ou ka diminye kantite dlo ke w itilize si w mete an pratik de twa lide sou kijan pou ekonomize dlo nan yon kay.



*Lè w ap lave machin ou; sèvi ak yon bokit dlo pou savonnen; sèvi ak kawotchou pou rense sèlman, e mete yon tèt ki diminye fòs dlo nan kawotchou a.*

*Tchek sistèm pou awoze plant ak gazon an (sprinkler) pase pa gen nesesite pou ap awoze lari a.*

*Sèvi ak yon rato oubyen ak yon bale (pa yon kawotchou pou awozaj) Lè w ap netwaye twotwa a, antre garaj la, ak dal pou dlo ki arebò tèt kay la.*

*“Xeriscape” se plant ki pa mande anpil dlo, ki vle di jaden ki economize dlo. Jaden w lan kapab pran mwens dlo si w aplike konsèy pou plante plant ki pa mande anpil dlo. Konsèy sa a gen pwofesyonèl nan endistri ki eseye l plizyè fwa.*

## Saldeben

*Uit pousan de dlo ki itilize se nan saldeben.*

- ◆ Bese nivo dlo a nan tank watè a.
- ◆ Jete papyè ijyenik ak lòt fatra nan bwat fatra a, pa nan watè a. Chak fwa ke w flòch/vide watè a se senk galon dlo ki pase
- ◆ Evite kite dlo koule lè w ap bwose dan w ak lè w ap raze.
- ◆ Ranplase tèt tiyo yo, pa modèl tèt ki diminye fòs dlo yo.
- ◆ Olye ou plen basen dlo a pou layite kò w ladann, pran douch pito.

## Kuizin/Chanm pou fè Lesiv

- ◆ Lè w ap sèvi ak aparèy pou lave asyèt la, tann ke li plen nèt. Aparèy otomatik pou lave asyèt sèvi ak 20 galon dlo chak fwa ke w sèvi avèk li menm si w mete mwens bagay ladann.
- ◆ Lè w vle lave asyèt yo alamen pa kite dlo an ap koule san nesesite.
- ◆ Pa fè dlo ap koule lè pou dejele vyann ak lòt manje ki te nan frizè.
- ◆ Lè w ap sèvi ak machin a lave a mete kantite rad nòmal pou mete a.
- ◆ Pa sèvi ak moulen pou fatra elektrik ki nan evye a tout tan.
- ◆ Lè gen reparasyon oubyen se sèvis y ap fè nan sistèm lakay ou an, fè tcheke tout tiyo yo pou evite ke dlo degoute pidevan.

Kontè dlo w lan, ou ka sèvi avèk li pou detekte si w gen dlo k ap degoute yon kote. Fèmen tout kote dlo koule andedan ak sou deyò kay la. Li kontè dlo a. Dlo ki ap degoute, souvan se tèt tiyo ki ansyen ki koze l. Ranplase l se yon bagay ki senp. Menm si fuit la toupiti li ka monte bòdwo elektrik la oubyen bòdwo dlo, a men wotè.

Tank dlo watè a toujou tcheke ke l pa koule, sa pou fè, ti bwat koulè ke moun konn sèvi lè y ap glase gato yo, mete enpe koulè nan dlo tank lan. Si watè a koule, dlo koulè ke w te mete nan tank lan gen pou koule nan mwens ke 30 minit. Tcheke watè a pou wè si l pa twò ansyen, si pa gen pyès ki kwochi oubyen domaje. Anpil nan pyès pou ta ranplase yo pa chè ditou, yo fasil pou jwenn, e yo fasil pou enstale. (Floch tousuit lè w fin fè tès sa a pase koulè a ka tache tank lan.)

## Ekonomize dlo Lakou

- ◆ Awoze lakou w ant 6 è lèzapremidi ak 9 è dimaten. Dlo a pa p evapore rapid poutèt solèy la, jan ke sa konn fèt lè apremidi.
- ◆ Sèvi ak yon Sistèm awozaj pou gazon ak plant ki gen kontè. Si w pa gen youn déjà, sèvi ak aparèy pou kontwole minit ke w gen nan kuizin lan.
- ◆ Kite ke dlo a rantrè byen dousman, lè w fè dlo a koule vit li fini/gaspiye.

## Plant ki pa Mande Anpil Dlo ak Imidite “Xeriscape”

- ◆ **Planifye e trase** – Fè yon jaden ki va fasil pou mentni. Sonje ke plant ki dire pèmèt ou economize dlo. Kote yo vann plant bòyisit lan, toujou gen moun ki ap byen kontan bay kliyan yo konsèy sou ki plant oubyen pyebwa ki ekonomik e ki grandi byen nan zòn lan.
- ◆ **Analyze tè a** – Amelyore tè a va pèmèt ke dlo a rantrè pi byen e fè ke tè a kenbe dlo pi byen. Tè ki gen bagay òganik ladann gen benefis ke li nourri plant lan tou.

*Yon sistèm awozaj (sprinkler) ki byen planifye eknomize dlo: Plante Jaden w se yon bagay ki pou fèt dapre kantite dlo ke wa bezwen. Pou wouze gazon li pi bon ke w sèvi ak sistèm pou awozaj la. Plant ak majorite pyebwa kapab awoze korèkteman san w pa bezwen anpil dlo annik vide enpe oubyen spre. Eseye awoze lè w bezwen sèlman.*


*Pou ka antre ni plant ki pa mande anpil dlo w anfòm e pou ka diminye gaspiyaj dlo, li nesesè pou devlope e pou suiv yon plan pou antretyen an.*

*Pa kite move zèb pouse nan jaden w. Sa diminye konpetisyon pou dlo.*

- ◆ **Kote li pratik pou gen gazon** – Mete gazon kote ke li benefisye w. Plant pou kouvri atè a, plant ki pa mande anpil dlo, oubyen pye bwa mande mwens dlo ke gazon.
- ◆ **Plant ki bon pou chwazi** – Anpil plant ke yo vann nan Florida gen etikèt de plant ki pa mande anpil dlo. Eseye sèvi avèk plant ak pyebwa sa yo lè w ap trase jaden w. Gazon ki tolere sechrès disponib tou.
- ◆ **Poud Bwa** – Poud Bwa ke yo konn mete atè a bon anpil pou ranplase gazon. Poud bwa kouvri e rafrechitè a, li anpeche ke dlo a evapore twò vit. Sèvi ak poud bwa ede redui zòn nan lakou ke w pa itilize.

### **Antretyen**

- ◆ **Koupe Zèb** – mete aparèy pou koupe zèb la a wotè maksimòm ki rekòmande pou kalite gazon ke w genyen an. Koupe gazon w ase souvan defason pou se toujou yon tyè gazon an ke w koupe.
- ◆ **Poud Bwa** – Mete poud bwa a toutotou pyebwa yo ak kote w gen ti plant yo. Se twa pous poud bwa òganik pou metet kote w plante plizyè ti plant. Tcheke e ajoute poud bwa de tanzantan.
- ◆ **Koupe branch plant ki mouri** – Koupe branch plant ki mouri se yon bagay ki pou fèt lè li nesesè pou ka kenbe aparans ak sante plant nan jaden an. Koupe branch plant ki mouri, taye ti plant yo e koupe ak atansyon dapre sa ke chak tip plant oubyen pyebwa mande.



## **PWOTEJE ANVIROMAN W**

alapel, e moun k ap vizite oubyen lòt moun ki la pa p konfòtab. Erezman ke, gen anpil jan pou nou redui konsomasyon kouran ak dlo san pèsonn pa afekte. E gen amelyorasyon, tankou bese gwo limyè ak pa limen twòp limyè alafwa, kapab aktyèlman amelyore santé ak pwodiksyon, e ekonomize lajan. Anpil nan konsèy ki liste nan ti liv sa a pa gen pou wè ak yon resous sèlman. Pa ekzanp, pa ke w pran pou diminye izaj dlo ka desann sa ke w konn peye pou chofe dlo. Lòt amenajman ke w fè lakay ou, tankou ajoute materyèl pou izoile nan grenye w, se pa sèlman kay ou an k ap pwoteje men li va bese sa w peye pou rafrechitè ak chofe kay la. Si w gen nenpòt ki keksyon sou konsèy pou konn kijan pou ekonomize kouran ak dlo ki liste la a, tanpri rele “Florida Public Service Commission’s Division of Regulatory Compliance and Consumer Assistance” nan 1-800-342-3552. Lòt sa w ka fè, ou ka rele biwo local nan konte w rete a, reprezantan distri a ki kontwole dlo a, oubyen biwo nan zòn kote w rete a ki okipe tout sèvis sa yo ke w bezwen nan yon kay.

### **Konklisyon**

Elektrisite ak dlo se de bagay ki mache ansanm nan vi yon moun pou pèmèt li pwodui, pou sante l ak konfò l. Twòp, oubyen si pa gen ase chalè, si lè a pa rafrechitè ase, oubyen pa gen ase limyè kapab koze ke moun k ap travay paka pwodui, kliyan yo pa p reponn

**Prezève, kòmanse e depann de ou dapre aktivite ke w gen lakay ou chak jou!**